Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
30 сентябрь
РУЗМАН

№41
(7424)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Росабалъе сапарал

## ШартIал гьечIониги, хIалтIи лъикI гIуцIун буго



Араб соналъ республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатиповас исанасеб сон тIалъиялъул гъумер мугIрузул районазул гIузрабазде буссинаби, росаби чIунтиялдаса, миллиял мацIалгун гIадатал, адабиятгун маданият тIагIиялдаса цIуни, росдал халкъалъул магIишат-яшав ва рукIа-рахьин лъикIлъизаби мурадалда лъазабун букIана мугIрузулаб Сонлъун.

Цо-цо районазда тIоритIана росабазул гIумру-магIишат цебетIезабизе ресал ратиялъул бицарал Форумал.

Нижер гIадат букIана лъагIалил «хIисабкьей» хIисабалда щибаб администрациялъул бетIерасулгун гьабураб гара-чIвари газеталъул гьурмаздаса кьолеб, бакIазде щун, щиб хIалалда росу бугебали, кинал гIузрабигIарзал жамагIаталъул ругелали лъазарулеб, цо къадаралъниги жамагIаталъул мурадал тIуразе хIаракат бахъулеб.

Гьединаб «хIисабкьей» букIана нижер хьулухъалъ редакциялде вачIарав Гъоркьгъаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовасулгун. Бицана гьес росулъ гьеб хьулухъалда жив цIияв чи вукIиналъул, жидер бугеб ахIвал-хIалалъул, гIоларел рахъазул, цере чIарал масъалабазул.




Пикру ккана гьес рицарал гIолел-гIоларел рахъазул хал гьабизе Гъоркьгъакварихъ щвезе.

Гьаниб бицинаро рикIкIадасанго рекIее батIияб асар гьабулеб, хасго цIадал ран хадуб бер-ракI гIорцIулареб тIабигIаталъул берцинлъиялъул. Бицинаро гьакварисезул тарихалъул. ГIицIго абун тела гьобол-гьудул хириял, гIамал ва хьвада-чIвади берцинал гьакварисел кидаго рукIанин сундулъго гIадлу-низам бугел, рагIи билълъарал, гIамал гьитIинаб халкъилан.

Росу бакъулъан бугеб нух ккола росдал гIадамалгун боцIи хьвадулеб гуребги, ТIадгъаквари унеб шагъранух. Росулъе щведал лъикIаб асар гьабуна росулъ ва лъарал рагIалккун бугеб рацIцIалъиялъ. Гьелъ бихьулеб букIана мунагьал чураяв Мансуров СагIадулагьил хIалтIулъ лъикIаб гIадат - рацIцIалъиялъул гваял тIоритIи росулъ жеги цIунун букIин.

### Маданият ва хIухьбахъи

Пикру ккун букIана рачIинахъего росдал администрациялде раккилин абун. Амма нух босана администрациялде данде битIун бугеб клубалде. Гьениб рагIулеб букIана ахIи-хIуралда релълъараб гIадаб гIадамазул кIалъай. Цо рекъечIеб хабар-калам ккун батилин росуцоязда гьоркьоб абураб пикруялъ руссинаруна ниж гьенире. Тамашалъиялдаса рохалил асар цIикIкIараб букIана, тIаде рачIарал гьалбадерилцин пикру ккечIого, шавкалде ун шашкабигун шахматал хIалел гъоркьгъакварисел ратидал. РакIалде щвана ихдада районалъул нухмалъиялгун рачIарал нижее гьебго хIалалда шахматалгун шашкаби хIалел ратарал гьакварисел руччабазул къокъа.




-Лъица абураб руччабаз хIазе бегьуларин шашкаби-шахматал?-ян абулеб сихIкъотIараб суал букIана гьезул нижее къураб, бергьаразе хъат нижеца кьабидал. Лъицаго гьукъараб ва абулеб гьечIин букIана тIаде рачIаразулги гьезие жаваб.

Гьеб хIужаялъ кутакалда рохизаруна ниж. Интернет-телевидениялдеги руссун, цоцае ворчIами-салам кьезе гIадамал регIулареб гьаб заманалда, заманаги батун, росдал клубалдеги рачIун, шашкаби-шахматалги, теннис-бильярдги хIалел гIадамал рати хIикматалда бащадаб хIужайин тезе бегьула. Гьелъул директор ПасихIат ГIалиевалъул рагIабазда рекъон, клубалдеги рачIун, жигараб хIухьбахъи гьарулел росуцоял гIемер руго гьелъул, гIолилаздаса байбихьун, харабазде щвезегIан.

ЛъикIаб асар гьабуна клубалъул гьеб гьитIинабго рокъоб бугеб рацIцIа-ракъалъиялъ, росдал тарихалъул ва росуцоязул хIакъалъулъ бакIарун бугеб гIемераб материалалъ (меседил бертаби кIодо гьарурал, рагъул гIахьалчагIазул, бахIарчиял улбузул ва цогидалги альбомал, машгьурал росуцоязул суратал чIвараб баннер, умумузул некIсиял алатазул стенд чIамалазул мацIалъ щибалъул цIарги хьван). Басриябго минаялъул гьитIинабго рокъоб хIебтIун буго гъоркьгъакварисезул кIудияб тарих.

Квеш ккараб иш буго гьединаб жигараб халкъалъе данделъаби ва цогидалги тадбирал тIоритIизе санагIат гьечIеб хIалалда клуб букIин. Ихдадаго гIадин, гьаб нухалъги клубалъул рукъалдаса жанибехун бугеб нуцIа рагьана дица, амма батичIо щибго хисараб жо, цохIо бильярд хIалеб стол къачIан букIин ва сценалда занавескаби ригьи гуреб. Иргадулаб нухалъги ахIи бана ПасихIатица районалда лъикIаздасан цояблъун ккoлеб букIараб жидер клуб къачIазе кумек гьабеян. Къададасан бортараб хIарщ, гIекколеб тIохдасан тIинкIараб лъималъ мокърукьбакIалда бихьараб ва бортун гIодобе унеб картон, гьенисан бачIунеб цIадал лъим буссинабизе чIабаралда лъун ругел ваннагун ведрабиги - ракI унтулеб хIал буго росдал клубалъул.

Кидаго рукIана гъоркьгъакварисел кечIбакъанги бокьулел, районалда тIоритIулел киналниги тадбиразулъ жигараб гIахьаллъиги гьабулеллъун. Гьанжеги рукIинаан гьел гьединаллъун, гьелъие гIурал дагьалниги шартIал росулъ рукIаралани. Клубалда цохIо концертал рихьизари гуреб, тIоритIула тарбия кьеялъул, инсан куцаялъул, гьудулълъи щулалъиялъул, ВатIан бокьиялъул ва цогидалги тематикиял тадбирал, дунявиял суалал гьоркьор лъезе гьенибе буссуна росдал жамагIат, амма жакъа гьоялъ гъоркьгъакварисезе гьенир киналгIаги тадбирал тIоритIизе шартIал гьечIо. ХIинкъи буго гьединаб хIалалда росу бакъулъ бугеб клуб чIваданалде свериялда. Жакъа гьелде кIвар кьечIони, метер нилъер тарихги, маданиятги, мацIги тIагIизе бегьула.

Клубалда хьолбохъ буго КIудияб ВатIаниияб рагъда гIахьалчагIазе бараб гIарас, гьенир берцинго хьван руго рагъда хваразулгун рокъоре руссаразул цIарал. ГIарасалда аскIоб буго хъахIилал зобазде «боржунеб» хъахIал къункърабазул тIел ва берцинал тIугьдузул квацIи. Рохелги пашманлъиги жубараб асар ккана рекIее. РакIунтараб бербалагьи росдал администрациялъул букIинчIебани, къватIккун унев росуцоявги гьоболги лъалхьун, гьазул мунагьал чурагиян дугIаги гьабиларoан рагъул гIахьалчагIазе.



Гьенисан нух босана дандбитIун бугеб росдал библиотекаялде. Клубго гIадин, цо рокъоб жаниб хIебтIун бугеб библиотекаялдаги батана додинабго рацIцIалъи. Килищ цузе бакI гьечIого, цIун руго къадалги рес бугелщинал бакIалги батIи-батIиял юбилеязда ху-

(Ахир 2-леб гъумералда)

БАРКУЛА



ХIурматияв ГIабдурахIман!

Баркула дуда ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вищи. Нижер ракIчIола гьеб хIурматияб ва жавабияб иш дуда божизабурал нижер мурадал дуца тIуралин.

Дуца гIемер хIалтIи гьабуна районалда социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе, божарал руго мун хаду-хадуби халкъалъе пайдаяв инсанлъун вукIиналда.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, рохел ва икъбал. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги дуда.

Районалъул избирателал

## Хасалиде хIадурлъи

Хасалиде хIадурлъиялъул сезон байбихьилалде районалъул бетIерасул амруялдалъун бугеб районалда гIуцIун буго Халидов ТIагьир Шапиевичасул нухмалъиялда гъоркь комиссия.

Гьаб соналъул анцIила щуабилеб октябралде щвезегIан, комиссиялъул вакилзабаз хал гьабун рагIалде рахъинаризе ккола районалда ругел пачалихъиял идараби хасалие тIурччицIул ва хIухьлал системаби хIадурун ругищали.

ТIобитIараб халгьабиялъул хIасилалъулаб справка ва ратарал гьаяби ритIизарияалъе гьаризе ккoлел хIалтIабазул план комиссиялъул председателас къоабилеб октябралде лъезе ккола районалъул бетIерасда цебе.

Магъалоги къун, къижа рахIатго

## Хехлъи гьабе, заман щолеб бугин

Федералияб налогалъул хьулухъалъул Дагъистаналда бугеб районазда гьоркьосеб 12-леб инспекциялъ лъазабулеб буго буголъиялъул, мулк-ракъалъул налогал кьезе хехлъи гьабеян. Гьелъие бихьизабураб заман ккола 1 декабрь щвелалде. Нагагь нужехъе налог кьеян лъазабураб кагъат (уведомление) щун батичIони, хехго ине ккола нужер машина, мина, рукъ, ракъул участок ва цогидаби багъарлареб мулк-ракъ учеталда бугеб налогалъулаб инспекциялде. Бигьалъабазе нужер ихтияр батани, гьелъул хIакъалъулъ бакIарун хIужжаби кьезе ккола дадахъ гьединаб ихтияр кьолеб документгун налогалъулаб инспекциялде.

Мулк-ракъалдаса бачIараб налогазул гIарац тIубанго нужерго росдал бюджеталде уна ва харж гьабула росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе.

**М. ХIусенов,** налогалъулаб инспекциялъул хIалтIухьан

# ШартIал гьечIониги, хIалтIи лъикI гIуцIун буго

**(Авал 1-себ гьумералда).**

харал стендаз, альбомаз ва церелъеяз.

Ратана гьенир имам Шамилил, ракьцоял шагIир Сабигат МухIамадовалъул ва хьвадарухьан МухIамад Шамхаловасул, кIудияв Расулил, росуцоял тохтур МухIамад ГIабдулхабировасулгун депутат ГIабдурахIман Камиловасул ва цогидазулги бицарал альбомалгун стендал.

ЦIунун буго гьениб щибаб тIехь жанибе бачараб картотека, руго цIалдолезул абонементал. Лъеберго соналъ библиотекаялда хIалтIулей Загьра Зубаировалъул рагIабазда рекьон, гьаб Интернеталъул заманаялъ цIалдолезул къадар лъалаго дагьлъаниги, тIагIун гьечIо цIалдолел, хасго школлъималазда ва чIахIияб гIелалда гьоркьоб. «Лачен» «Мурзилка» журналал кьолила жинца байбихьул классалъул цIалдохъабазухъе цIализеян йиго гьей, авар мацIалда хьвараб лъималазул литература гьечIольиялъ. Тартибалда сокIкIун руго рагьарал шкафазда библиотекаялъул фондалъул тIахьал. Библиотекаялъул рукъ гьитIинаб ва кьваридаб букIиналъ, гьечIо гьенир тIахьал, газетал цIалулезе санагIалъи, жибго минаги жанисан къачIазе ккараб хIалалда буго.

Бихьулеб букIахъе, гьечIел шартIазухъ балагьун чIечIого, жидерго хIалтIи цебехун бачунеб буго Гьоркьгьаквари росдал маданияталъул учреждениябазда. Гьеб буго районалъул цо-цо росабазул, кагътида цIар букIин гуреб, хIалтIи гьечIел ва чIобого мухь босулел КДЦязул нухмалъулезе мисал босизе гIураб хIужа.

### Почалъулаб бухьен



Росдал библиотекаялъул къед цураб мадугьал ккола почалъулаб бухьеналъул отделение. Цереккун бицен гьабурал идарабазде дандеккун, гIураб гIатIилъиги санагIатги бугеб бакI буго батIи-батIиял букIоналгун, гьездаго гьорлъ бича-хисулеб къайи-цIаги бугеб. Цадахъ вукIарав росдал бетIер Рашид АхIмадовасул рагIабазда рекьон, почалъулаб отделениялъул нухмалъулес кигIан хIаракат бахьаниги, подписка гьабиялъул суал къойидасан къойиде хьадарлъулеб буго. Интернеталдеги руссун, журналалгун газета цIалулел дагьлъулел руго.

Районалъул ва росдал нухмалъиялъ яхI ккезабун гурони, газетал хьваларел районцоял рукIиналъ дунго пашманлъана. Газеталъухъ бащдаб лъагIалие кьолеб 200 гьурущ цо-цоязда гIемераблъун бихьулеб буго.

### Медицинаялъулаб хьулухъ




Библиотекаялдаса къватIире рахьарал ниж ана медицинаялъулаб пунктalde. Жиндирго хIалтIуде юссун, хьвай-хьвагIаял гьарулей ятана патронажалъулай медсестра Асият ГIабдусаламова. ХIалтIи гьечIого теларин гьейилан, гьарана бидул хIалцен борцейилан. Гьеб борцулаго, журана харбиде. Киса-кибего буго рацIцIалъи, гIадлу-низам, гьечIел шартIазухъ балагьун чIечIого, гьенир гIуцIун руго квегIенлъаби.

Асиятил рагIабазда рекьон, медпунктальул цоялаб рукъ буго къачIазе кколеб. Аслияб гIузрулъун буго пунктalda лъим ва канализация гьечIолъи. КиналгIаги санитариял нормабазде данде кколеб иш гуро гьеб. Районицаялъул нухмалъиялъ кIвар кьезе кела гьеб суалалде.

Дарабазул суалги бецизегIанасеб хIалалда гьечIин абуна Асиятица. Кьойил хиралъулел дарабиги, хисизего хисулареб дараби росизе моцIрое бихьизабураб гIарцул къадарги унтаразда бичIчIуларий йиго гьей. Росдал медиказул хIалтIудаса рази буго жамагIат.



### Лъайкьей ва кумекалъулаб магIишат

Школалъул директор унтун вукIиналъ, гьесул бакIалда жив вугин абун дандчIвана нижеда школалъул директорасул цIалул рахъалъ заместитель Руслан МуртазагIалиевас. ЦIалул араб соналъул хIасилал, церечIарал масъалабазул гьев вачIиндал, цоги нухалъ бицининги абун, ниж щвана школалъул кумекалъулаб магIишат бугеб бакIалде. ШколалдасагIемер рикIкIада гьечIо маххул хьуриялъ жанибеги сверизабураб гектаргIанасеб ракьул участок. Гьенир жанирго руго бакI-бакIазда хурирго гьарун ханалгун, гIурччинлъиялда кваналел, цо тайпадулал гIанкIаби. Хурул рагIалда буго кIудияб харил гIарахъ, найил щуго тIала, гIака, бокь. Жеги рес буго кумекалъулаб магIишат цебетIезабизе. Гьеб рес кьезе буго рес-чара гьечIеб школалъул интернат цокъадаралъ хьихьизе.



### Лъималазул ах

Лъималазул ахалде щведал, унго-унгояб маргьудул улкаялде ккараб гIадинаб хIал ккана. Ахалъул нухмалъулей Асият Абакаровалъ ва цадахъ хIалтIулез разго кьабул гьаруна ниж ва роха-хинлъун бихьизабуна нижеда жидерго «магIишат». Бицинего кколаро гьениб бугеб рацIцIалъиялъулги, берцинлъиялъулги, чIезарун ругел киналго шартIазулги.

Гьезие гIолареб жо бугин абуна нухмалъулелъ, рагьда цебе жанибе сверизабураб кIудияб бакI бугониги, лъималазе расандизе ва хинаб мехалъ физминутка гьабизе ахалъул азбар-къоно гьечIолъи.



### Росдал администрация

Гьабураб сапаралъул хIасилал рачине ниж ана росдал администрациялде. Щибаб бакIалде унаго нижеда цадахъ вукIарав администрациялъул бетIер Рашид АхIмадов гьеб хьулухъалда цIияв чи вукIаниги, бихьулеб букIана росдал ва жамагIаталъул цебетIейгун яшав лъикIлъизабиялда сверухъ хIалтIизе гьесул пикру букIин. Гьесда бичIчIулеб буго росу чIунтичIого хутIизе ккани, росулъ гIолохъаби чIезаризе хIаракат бахьизе кколеблъи, гьел гьенир хутIизе ккани, гьезие хIалтIулал бакIал ва рукIа-рахьиналъул шартIал чIезаризе кколеблъи.

Материалияб рахъ мукъсанлъиялъ, базаралда багьаби цIикIкIиналъ, росдал магIишаталъул хIасил дагьаб букIиналъ, халкъалъул социалияб рахъалъ шартIал гIураб къадаралъ гьечIольиялъ рачунел руго



гIолохъаби росулъан гочиналде, хIалтIи-пиша хисиялде ва росулъ дагьабниги махщел-гьунар бугел специалистал камиялдегиян абураб пикру буго Рашидил.

БичIчIулеб буго бегавуласда росулъ цебетIураб производство гIуцIун бажарулареблъи, амма гьелдаго цадахъ щивасул ресал рукIин хайир кьоледухъ росдал магIишаталдаса пайда босизе, гьелъие дагьабниги кумек-квербакъи хIукуматалъул рахъалдасанги бугони.

Туризм цебетIезабизе бегьула риидалил цокIиго моцIалъниги. Росу рагIалда буго рохь, гьениб камураб нигIмат букIунаро - гIодокари, лайиялдаса бахьараб гIурдахIабазде щвезегIан. Рохьоре унеб нухдаго буго чвердезе хIавуз, чадиралги чIван анкьазги рукIаниги бегьула гIадамал. Бокьаразул рес буго Гьакварисезул чвахелоялде ине. Киб инсанас хIетIе чIаниги, гьениб букIуна даран-базар, бича-хиси, гьеб ккола гIадамазул цебетIеялде лъолеб гали.

ГьечIо гьезул гIолохъабазда гьорлъ рикьел, цоцада ричIчIунгутIи. Росдал администрациялъ гьабулеб хIалтIи дандбалеб буго жамагIатгун. Росулъ цолъиги гьункиги букIиналъе аслиябльун ккола жамагIаталъул моралиябгун психологияб рахъ рекьонккей.

Гьакварисезул лъикIаб рахьлъун бихьана щибаб идараялъул букIин захIматалъул низам цIуни. ГьелъиенугIлъи гьабула щибаб идараялъ кIалтIа чIван ругел ишалъе чIезабураб низам хьварал игIланаз ва гьелда рекьон хIалтIулел хIалтIухъабаз.

Гьоркьгьаквари бугин районалъул гIемерисел росабазе мисалияб росуйин абуни, дун мекьи ккеларин ккола.

**Хадижат Залимханова**

МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде

# Машгьурав ва гIакъилав хъвадарухъан

М-Р. ГIамиров



Исана 25 декабралда 100 сон тIубала Дагъистаналъул машгьурав хъвадарухъан МухIамад Шамхалов гьавуралдаса.

Гьев гьавуна Лъондода росулъ 1916 соналъул 25 декабралда ва гьитIинго бесдаллъана. МухIамадил рукIана жиндаса гьитIинал вацги яцги, эменги хун, гьитIинго гьесда тIаде ккана гьезул тIалабги.

ЗахIматаб букIана МухIамадил лъимерлъи, эменги хун, эбелги росасе ун, кIудияй эбелалъул тIалабалдаги хутIун. Лъимерлъиялда жинда бихьараб захIмалъиялъул, хьитал гьечIого, бихьараб ратIлида гIумру гьабизе ккеялъул хвалеб буго МухIамадица гьадин.

«Хасало, радал вахъиналде, бан батана кIудияб гIазу, гIицIго, хьиталги гьечIого, хеккого ана дун школалде. Школалда радалго печь баккун батулаан, гьединлъидал дун гIедегIулаан печалда аскIов хинлъизе. Гьеб гIазу бараб къоялъ, печалда аскIов хIатIал хинлъизарулев дун вугеб мехалъ, тIаде ячIана байбихьул классазул гIурус учительница Оксана Ивановна, ва пашманго гIемералъ ялагьун хутIана, гIицIго хьвадун, чIегIерлъарал дир хIатIазухъ. Дица киданиги гьелда хIатIал рихьизе риччан рукIинчIо. Гьеб къоялъ Оксана Ивановналъ рокьовеги вачун, гьумер-кIалги чуризе виччан, дун кваназавуна. Гьелъ дие росун рачIана росульго чIурканал ботинкаби ва дир рохалие гIурхъи букIинчIо. Гьелдаса нахъе Оксана Ивановналъ гьабуна дидехун эбелалъулаб тIалаб. ТIасияб соналъ Оксана йит1ула КIванада школа-интернаталде хIалтIизе. Инсул вац, кIудияв гIалимчи репрессиялде ккарав вугин абун, дун гьениве цIализе виччаларого вукIана, амма Оксанада бажарана дун интернаталде вачине. Гьеб букIана дир гIумруялъул рохалилал къоял.

Гьениб ккана дие гIумруялда бищун захIмалъараб иш. Интернаталъул заведущияс ахIун лъазабуна складалдаса тетрадал рикьун ругин дица, ретIелги бахьун гьениса бакI тейилан. Дица гьабичIеб такъсирги тIад лъун нахъе аян лъазабидал, захIмалъун, тIурун Лъондодехун унев вукIарав дун, хадуйги ячIун, Оксанаца нахъе вуссинавуна. Гьелъ цIех-рехги гьабун, тIатинавуна тетрадал рикъарав вас ва гьелъ дун вацIцIад гьавуна бугьтаналдаса. Гьелдаса нахъе дие Оксана Ивановна лъугьана кIиабилей эбеллъун».

Гьей гIурус учительницаялъул хIакъалъулъ МухIамад Шамхаловас хъван буго кIудияб хабар.

КигIан живго язихъ вукIаниги, МухIамадица цIали рехун течIо. Лъондода ва КIванада байбихьул школаздаги цIалун, цIализе лъугьана ЦIумадагIурухъ букIараб, хадубккун Агъвали бачараб районалъул анкьгосонилаб школа-интернаталде. Гьеб тIокIлъиялда лъугIизабуна МухIамадица.

Школа лъугIун хадуб, МухIамад хIалтIула почтальонлъун, гьес лъикIаб бухьен гьабула районалъул ва республикаялъул магIарул газетазулгун. МухIамадица хъвана лъикIал, магIна бугел макъалаби, очеркал ва кучIдул.

Гьев хIалтIула районалъул газеталда, лъугьула лъикIав мухбирлъун. Макъалаби хъвазе бугеб гьунарги х1исабаде босун, 1936 соналъ МухIамад Шамхалов восуна республикаялъул «МагIарул большевик» газеталда хIалтIизе. Гьесул вахъуна машгьурав хъвадарухъан. Гьеб букIана МухIамадил кIудияб гIумруялъул борхалъуде вахине тIамураб тIоцебесеб гали.

ГIумруялъул кIикьоялда щугоялде гIагарун сон МухIамад Шамхаловас къуна республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталъе. Газеталъул подчитчиклъиялдасан байбихьун, нахъе тана редакциялъул хIалтIул киналго болъаби ва 25 соналъ хиси гьечIого вукIана республикаялъул газеталъул редакторлъун.

1994 соналдаго гьев лъугьуна СССРалъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун. КIудияб даражаялде борхизабуна магIарулазул газета.

МухIамад Шамхалов вукIана Дагъистаналъул Журналистазул Союз гIуцIаразул цоявлъун ва гIемерал соназ хIалтIана гьелъул председательлъунги. Гьев вукIана Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб премиялъул лауреат.

М. Шамхалов вахъана кIудияб рагIул устар, щибаб асаралъул буго гьваридаб магIнаги, киданиги гIодобе ккезе кIвечIеб кIварги. МухIамадица нилъер гIемермиллатазулаб литература цебетIезабуна ва бечед гьабуна. Гьесул вахъуна машгьурав журналист ва хъвадарухъан.

Хъвадарухъабаз, журналистаз ва цадахъ хIалтIараз тIадегIан гьавун хъвалеб буго МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ.

**ГIабдула Даганов:** «Шамхалов хъвадарухъан хIисабалда лъикIаланго машгьурав вукIана, бечедаб ва берцинаб мацI букIана живго батIияб мацI бицунев цIумадисезул росулъа вукIаниги».

**ХIусен ХIажиев:** «Нилъер гIагараб рахьдал мацI бацIцIадго цIунана ва бечед гьабуна ЦIадаса ХIамзатица, ШигьабудинМикагIиловас, Расул ХIамзатовас, МухIамад Шамхаловас. МухIамадил букIанин абизе бегьула кIиго рахьдал мацI, жидерго ЦIумада районалъул Лъондода росдал ва магIарул. Досул букIана бечедаб, бацIцIадаб, бикIкIун къачIараб мацI, къисабиги, харбалги, романалги хъван руго бацIцIадаб магIарул мацIалда.

Бечелъи букIуна кIиго батIияб, рухIияб ва материалияб. РухIияб бечелъиялъул рахъалъ МухIамадиде вахарав чи нилъер гIемер вукIинчIо ва гьечIо.

**Профессор Мустафа Вагабов:** «Магомед Шамхалович оставил после себя добрую память. Я понимаю его как очень эрудированного, высококвалифицированного редактора, творчески активного и инициативного руководителя Союза журналистов Дагестана, талантливого писателя.

Он внес огромный вклад в развитие горного края, в укрепление дружбы между народами, был большим патриотом Родины и интернационалистом. Отдавая дань глубокого уважения памяти нашего старшего товарища, благодарного и интеллигентного человека, считал бы целесообразным увековечить память Магомеда Шамхаловича присвоением его имени одной из улиц города Махачкалы и одной из творческих организаций».

**«ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГIали Камалов:** «Магомед и Расул не только прославили свой народ, не только стали любимыми и уважаемыми людьми своего народа, они прославили Дагестан, значит и Россию. Я уверен, что он, его дело останутся вечно в памяти народов Дагестана».

**Магомедшапи Хажаков:** «Выступления Магомеда Шамхаловича перед журналистами, личные беседы отличались краткостью, содержательностью, давали заряд свежих мыслей, сердечной теплоты. Магомеда Шамхаловича по праву можно назвать «генералом» прессы».

Анкьго классалъул гурони лъай щвечIеб МухIамадица жиндирго лъай борхана журналистазул къокъаялъе нухмалъизе бажарулеб даражаялде. Гьеб букIана гьесул пагьму-гьунаралъул бажари. Экстерн хIисабалда гьоркьохьеб школаги лъугIизабун, МухIамадие рес щвана Москваялде КПССалъул ЦКялъул тIадегIанаб партиялъулаб школалде цIализе ине.

МухIамад вукIана ритIухъав инсан. Закон кьварараб ва цензура цIикIкIарал дол соназ рекIеда бугебщинаб хъвазе МухIамадие рес щвечIо. Гьесул вахъине вукIана дунялалдаго цIар рагIарав XX гIасруялъул гIакъил. Нилъ ракьцоял ва тIолалго магIарулал чIухIарал руго гьесдаса, кIудияв гIакъиласдаса.

Хъизан-лъималгун, гьалбалгун, гьудулзабигун, хIалтIухъабигун МухIамадил букIана гIодове виччараб, хIеренаб кIалъай. Жиндирго вукIа-вахъинги, гIадамазулгун гьоркьоблъиги букIана хIикматго гIодове виччараб. Нилъее гьев вукIана гIумруялъул мисаллъун.

М. Шамхаловасе хирияб букIана магIарул халкъги, ракьги, гьелдаго гьорлъ жиндирго гьитIинаб ВатIан Лъондода росу ва гIагараб район. Гьеб рокьи загьир гьабулеб буго гьес жиндирго асаразулъ:

**ТIабигIияб бечелъи**
**БарахщичIого кьураб,**
**Щибаб рахъ рекъон ккараб**
**Район буго ЦIумада.**

Республикаялъул магIарул газеталда хIалтIулаго, МухIамад Шамхаловасул кIудияб гьудуллъи ккана ХIамзатилгун. Гьес Хъандулайгун ХIамзат рикIкIунел руго жиндир эбел-эменлъун, ХIажи ва Расул-вацаллъун. ХIажи ХIамзатовас хъвалеб буго МухIамад жидее къиматав гьудул-вацлъун вукIанин.

МухIамад лъимерлъудаго ругьунлъана пандур хъвазе ва гьесул кIудияб махщел букIана гьеб «басандизабизе». Гьелъ бижизабуна гьесуль халкъиял бакъназдегун кучIдузде рокьи. Пандур букIана гьесул кидаго цадахъ босулеб алатлъун.

Пандурги хъван, чучулеб букIана гьес ургъелгун рохел. Жинцагоги кучIдул ахIулел рукIана, халкъиял кучIдуздехун ва кочIохъабаздехун гьесул букIана кIудияб рокьи. Гьеб кинабго гьес загьир гьабун буго «Халкъияб хазина кодосев» абураб очеркалда.

ЦIадаса ХIамзатилгун ккараб тIоцебесеб дандчIваялъул МухIамадица хъвалеб буго гьадин: «ЦIадаса ХIамзат районалде вачIараб мехалъ, дун киса-кивего гьесда хадув унев вукIана. Гьевгун дандельиялде ракIарун рукIана гIадамал ва ниж-цIалдохъабиги. Дун ХIамзатида аскIове ана ва гьесул «ГIадатазул жул» абураб тIехьалдаса киналго кучIдул лъалилан абуна, бокьани рекIехъе рикIкIининги тIаде жубана. ХIамзатица вельулаго, жиндир кучIдул дуцайищ дицайищ цIализе кколебан абуна. Гьеб хабаралъ намус гьавурав дун, гьесда аскIосан нахъеги ун, вахчун чIун вукIана. Жиндирго хабар гIодоб буссараб мехалъ ХIамзатица абуна: «Киве арав хIатIал чIегIерав вас?», -ан. Дун вачун ХIамзатида аскIов чIезавуна ва дица гьесул гIемерал кучIдул гьираялда рекIехъе цIалана. АскIовеги вачун, дие рецц-бакъги гьабун, киса ва щив абун цIехана. Хадув тукаде вачана дие хьитал ралагьизе, гьенир хьиталги ратичIого, нахъруссун унаго, цо гIолохъанав учитель вачIана ботинкалги росун. ХIамзатица кьолеб гIарацги босичIо гьес. РетIине хьиталги щун, дун цIакъ вохун вукIана ХIамзатилгун ккараб данчIваялдаса. Гьесдехун бугеб жиндирго васасулаб бербалагьи МухIамадица загьир гьабулеб буго «Дие ХIамзат цохIо поэтлъун вукIинчIо» абураб хабаралда.

Дирги МухIамадилги лъикIаб гьудуллъи букIана. Дун тамашалъулаан гьесул сабруялда. Х1укуматалъул кIудияб хIалтIуда вугониги, исламалдехун гьесул букIана иман бугеб балагьи. Цо нухалъ ниж харбида рукIаго, гьес абуна редакциялде бачIун бугила кагъат магIарул росулъа херав коммунистас как балеб бугилан. Гьеб букIана дун университеталда цIалулеб мех. Дида ракIалде ккана гьес дир исламалдехун бугеб пикру лъазабулеб батилилан. Дица абуна гьединаб кагъат газеталда биччазе рекъараб гьечIин, гьеб нахъ буссинабун парторганизациялде битIеян. МухIамадица абуна жив вохарав ва чIухIарав вугин магIарул росабалъ ругел хирияб КъурIанги цIалун, какалги ран, годекIанирееги рачIун, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьолел харабаздасаян ва т1адеги жубана жиндиеги бокьилин херлъидал росулъе тIадвуссине.

Нилъеца гьесул къимат гьабурабгIан борхизе буго районалъул къадру ва гьев даимго ракIалда хутIиялъе гьаризе ккола хIалтIаби. Гьел хIалтIаби районалъул нухмалъиялъул планазда ратилилан хъвазе буго дирги.

МагIарул адабияталда бищун лъикIаздаса цоял руго Шамхаловасул асарал, гьел школлъималазда малъизе ккола, гьезда тIасан тIоритIизе ккола районалъул библиотекабазда конференциябиги.

Узлипат Шамхалова



**Бесдал хутIаниги, хвечIо дур къимат**

МухIамад, гIасрудул борхалъиялда
ЩугIаркьелаб цIвалъун кунчIана
дур цIар.
ЦIорол мугIрул ругеб ЦIумада район
ЦIар борхатго ккурав лъандадерил
вас.
Лъидаго лъалареб Лъондода росу
Лъазе гьабуна дур гьайбатаб цIаралъ.
Мун жанив гьавураб гIагараб росу
ГIунун хутIун буго мун хваралдаса.

Дун, гIодойги кIусун, гьитIинай
шагIир
Щибаб дур гIумрудул пикрабалъ йиго
Азарго гIин бугев, анцI-анцI бер бугев
ЦIакъ щулияв шагIир вукIин ракIги
чIун
Бесдал хутIаниги, хвечIо дур къимат
Пикрабазул рекIел кIулал рахана.
Дуде бачIараб къо къалмиде чучун,
Къана дуца рачел бахIарчилъиго.

Киве ккананиги, лъелгоги хьвадун,
Пикрабаз лъалъараб рекIел гьва-
рилъи.
Нус-нус гIасрабаца цоцахъеги къун,
Наслабаз дур къадру борхатго кквела.

Дуца нахъе тарал хириял ясаз
Ясбер гIадин руго цIунун дур тIахьал.
ЧIухIизе бегьила дур лъимал даим,
Хваниги инсул цIар борхатго бугин.

Дур цIаралъ рохарал гьал цIумадисез
ЦIунила гIумруялъ тIадгIанлъиялда.
Адабияталъул гьумералда тIад,
Бергьенлъи босарав бахIарчияв вас.

ЧIахьаги, МухIамад, кIудияб гьунар!
ЧIахьаги, МухIамад, дур адабият!
ЧIахьаги, МухIамад, дур маданият!
Дур магIарулазе ирсалъе тараб.

**Прокуратура сообщает**

# Государственная регистрация недвижимого имущества

С 1 января 2017 года вступает в силу Федеральный закон, который предусматривает создание Единого реестра недвижимости и единой учетно-регистрационной системы. В состав Единого реестра недвижимости войдут сведения, содержащиеся в кадастре недвижимости и реестре прав. В настоящее время кадастровый учет и регистрация прав - это разные процедуры. Вместе с тем, нередко граждане совершают операции с недвижимостью, для которых требуются обе процедуры. Создание Единого реестра недвижимости позволит обеспечить одновременную подачу заявлений на кадастровый учет и регистрацию прав, что сэкономит время граждан и сделает операции с недвижимостью более удобными. С января 2017 года можно будет сдавать документы на регистрацию прав и кадастровый учет объектов недвижимости в любом офисе приема-выдачи документов, и неважно, где объект расположен. Так, если земельный участок расположен в Махачкале, а гражданин проживает в Москве, нужно будет обратиться в любой удобный офис приема-выдачи документов. Услугу можно будет получить в электронном виде, то есть не выходя из дома. Если у гражданина отсутствует возможность забрать документы после проведения регистрации права собственности, их могут доставить документы в любое удобное для гражданина место и время. Для этого необходимо при подаче заявления указать способ получения «курьерская доставка». Данная услуга будет платной.

Вступление в силу нового закона упростит процесс оформления документов на недвижимость и сэкономит время заявителя. В регистрирующий орган нужно будет подать одно заявление и одновременно в течение 10 дней будут выполнены и кадастровый учет, и регистрация прав. Если заявитель захочет получить одну из услуг Росреестра, то на регистрацию прав уйдет не более 7 дней, а на постановку на кадастровый учет - не более 5 дней.

Новый закон сокращает сроки не только регистрации, сведения из Единого реестра недвижимости также будут предоставляться быстрее. Срок изготовлении выписки об объекте недвижимости составит три дня вместо нынешних пяти. Приказом Минэкономразвития России от 10 мая 2016 № 291 установлены размеры платы за предоставление сведений, содержащихся в Едином государственном реестре недвижимости (ЕГРН).

Все записи Единого реестра недвижимости будут храниться в надежной электронной базе данных, многократное резервное копирование которой и высокая степень безопасности повысят уровень защиты сведений. Таким образом, Росреестр укрепит гарантию зарегистрированных прав, минимизирует угрозу мошенничества и снизит для граждан и предпринимателей риски операций на рынке недвижимости.

Согласно новому закону, свидетельство о праве собственности выдаваться не будет. Кадастровый учет, регистрация возникновения и перехода права будут подтверждаться выпиской из Единого реестра недвижимости, а регистрация договора или иной сделки - специальной регистрационной надписью на документе о сделке.

Изменения вступают в силу 1 января 2017 года. Если документы будут поданы на регистрацию прав и кадастровый учет до 31 декабря 2016 года, то государственные услуги будут предоставлены в порядке и сроки, определенные действующим в настоящее время законодательством.

**И. Вакилов,** прокурор района, младший советник юстиции

# Объявляется конкурс

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» от 27.09.2016 г. №1 на 18 ноября 2016 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность Главы сельского поселения «село Метрада».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в администрации сельского поселения «село Метрада» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов в срок до 1 ноября 2016 г. с момента опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады».

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы: заявление на участие в конкурсе; собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4х5-3 шт; паспорт или заменяющий его документ; документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии); трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина; сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах; согласие на обработку персональных данных. Также подаются копии паспорта и документа об образовании.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении. Программа обязательно должна содержать оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения, описание основных социально-экономических проблем сельского поселения, комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельского поселения.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса. Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» от 10.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе внутренней политики и взаимодействия с органами государственной власти администрации муниципального района «Цумадинский район».

**02 сообщает**

# Возбуждены уголовные дела

С апреля 2016 года на территории района были выявлены следующие факты совершения преступлений:

В населенных пунктах Эчеда, Инхоквари найдены тайники и блиндажи, в которых найдены взрывчатые вещества, боеприпасы, взрывные устройства, которых незаконно приобрел, перевозил и хранил уничтоженный в 2014г. член диверсионно - террористической группы «Цумадинская» Хучбаров М.А.

Житель села Эчеда Магомедрасулов М.Н. осуществлял пособничество диверсионно-террористической группе «Цумадинская».

21.04.2016 г. житель села Агвали Газимагомедов Н. управлял автомашиной в состоянии алкогольного опьянения, будучи лишенным права на вождение автотранспортного средства за аналогичное правонарушение.

На территории селения Кванада в бетонированном бункере найдены боеприпасы и оружие, незаконно приобретенные уничтоженным в 2014г. членом диверсионно - террористической группы «Цумадинская» Омаровым О. Г.

На территории села Эчеда найден оборудованный блиндаж, где незаконно хранились боеприпасы и взрывные устройства, приобретенных уничтоженным в 2014 г. членом диверсионно - террористической группы «Цумадинская» Абдулкеримовым М.А.

Жительница села Эчеда Исрапилова И. М. путем представления в управление ОПФР по РД в Цумадинском районе, заведомо ложного свидетельства о смерти мужа, незаконно получала социальную пенсию по случаю потери кормильца на своих детей.

Житель села Кванада Омаров А.Г. с марта 2012 г. по январь 2013 г. оказывал пособническую помощь диверсионно - террористической группе «Цумадинская» .

15.06.2016 г. Патахова З.М., жительница села Кванада, реализовывала продукты питания с истекшим сроком годности.

Гаджимагомедов Ш. К. в селении Цедатли на своем приусадебном участке культивировал наркосодержащее растение в количестве 37 кустов.

19.08.2016 г. Хасбулаева С. Г., жительница села Муцалаул, находясь в гостях у тети Магомедовой М.Р. в селении Агвали, совершила кражу компьютерного планшета «Самсунг» стоимостью 18 тыс. рублей, принадлежащий Газимагомедовой П.М.

Утром 17.09.2016 г. в 15 км. от селения Тинди между жителями села Тинди Магомедовым М.А. и Гаджимагомедовым Г.К. г. р. произошла ссора, на почве которой Гаджимагомедов Г.К. произвел выстрел и убил Магомедова М.А.

Неустановленные лица с неустановленного времени по 19. 09. 2016 г. в полтора километрах от селаЭчеда в тайнике незаконно хранили боеприпасы.

По всем фактам совершения преступлений возбуждены уголовные дела.

**Пресс-служба ОМВД России по району**

Райбольницаялъул коллективалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб тохтур МухIамадов АхIмадида гьесул эбел

**Жавгьарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъул мунагьал чураги, рухI иманалда бахъун батаги.

Агъвали школалъул коллективалъ гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго МухIамадова ПатIиматида гьелъул эбел

**Жавгьарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей ахираталъул лъикIлъабаздалъун йохизаюн ятаги. Нахъе ругезе сабру ва халатаб гIумру кьеги.

Районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго полициялъул майор ХIажимухIамадова ПатIиматида гьелъул хирияй кIодоэбел

**Жавгьарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие Алжан насиб гьабеги.

Россиялъул художниказул союзалъул Дагъистаналъул отделениялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Россиялъул мустахIикъав художник МухIамадов ГIалида гьесул якьад

**Жавгьарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъул рухI иманалда бахъун батаги.

2015 соналъ Гьигьалъ гьоркьохъеб школалъ Гъазиева ПатIимат АхIмадсаидовналъул цIаралда кьураб 0051-8000 269897 номер бугеб гIаммаб гьоркьохъеб лъай щвеялъул аттестат билун буго. Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302
Тираж -2000
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru